

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON SANTE DAPRE HIPAA

Non pasyan an	Dat nesans	Nimewo idantifikasyon pasyan an
Adrès pasyan an		

Mwen menm, oswa moun ki reprezante m, mande pou yo bay enfòmasyon sou sante konsènan swen ak tretman m ap resevwa jan yo di l nan fòm sa a: Dapre Lwa Eta Nouyòk ak règleman sou vi prive eta Nouyòk sou kouvèti ak responsablite pou asirans swen sante (*Privacy Rule of the Health Insurance Portability and Accountability Act 1996, HIPAA*), mwen konprann :

- Otorizasyon sa a kapab pèmèt yo divilge enfòmasyon ki gen rapò avèk **IZAJ ALKÒL ak DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN POU WÈ AVÈK VIH/SIDA*** sèl si mwen mete inisyal mwen sou liy ki la pou sa nan seksyon 7 la. Si enfòmasyon sante ki pi ba a genyen nenpòt nan tip enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen sou liy kazye 7 la, mwen otorize espesifikman pou yo divilge enfòmasyon sa a bay Depatman sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ak bay Depatman edikasyon Vil Nouyòk(DOE), k ap dirije ansanm Biwo sante nan lekòl.
- Si m otorize bay enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA, tretman alkòl oswa dwòg oswa enfòmasyon sou tretman maladi mantal, li entèdi pou DOHMH limenm redivilge enfòmasyon sa yo san otorizasyon m sofsi lalwa federal oswa lwa Eta a pèmèt sa a. Mwen konprann mwen gen dwa mande yon lis moun ki ka resevwa oswa itilize enfòmasyon ki gen rapò avèk enfòmasyon mwen sou VIH san otorizasyon m. Si mwen viktim diskriminasyon akòz enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH ke yo bay, mwen ka kontakte Divizyon dwa moun nan eta Nouyòk nan (212) 480-2493 oswa Komisyon dwa moun Vil Nouyòk nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsablite pou pwoteje dwa m.
- Mwen gen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt lè si m ekri doktè mwen te otorize pou divilge enfòmasyon yo. Mwen konprann ke mwen ka anile otorizasyon sa a eksepte si yo te deja pran mezi sa a dapre otorizasyon sa a.
- Mwen konprann ke mwen ka siyen otorizasyon sa a si m vle. Tretman m, peman, anwolman m nan yon plan sante oswa elijiblite m pou benefis pa p gen rapò avèk otorizasyon mwen bay pou divilge enfòmasyon sa yo.
- DOHMH oswa DOE ka bay enfòmasyon an dapre otorizasyon sa a (eksepte jan yo di l nan seksyon 2 pi wo a) epi lwa federal ak lwa Eta pa ka pwoteje enfòmasyon yo pou yo pa divilge yo ankò.
- MWEN OTORIZE TOUT FOUNISÈ SWEN SANTE BAY DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL, ANPLWAYE L YO, AJAN L YO AK ANTITE KI GEN KONTRA AK LI YO ENFÒMASYON SA YO EPI DISKITE SOU YO.**

7. Enfòmasyon espesifik pou yo divilge ak diskite:
 Tout enfòmasyon sante (ekri oswa oral) tankou istwa sante pasyan, remak biwo (eksepte remak sikoterapi), rezilta egzamen, etid radyoloji, radyografi, dosye fakti, dosye asirans ak dosye lòt doktè.
 voye bay doktè m.

Si kazye sa a tcheke, divilge ak diskite sèlman enfòmasyon sante mwen presize la a: _____
(itilize kazye sa a si w pa vle yo divilge oswa pibliye tout dosye a. Itilize kazye 9 ki pi ba a pou fikse konbyen tan ou vle fòm sa a dire)

Mete: (mete inisyal ou)

_____ Enfòmasyon sou tretman pou Alkòl/Dwòg. *Presize ki dosye pou yo divilge ak òganizasyon ki pou divilge yo:* _____

_____ Enfòmasyon sou sante mantal

_____ Enfòmasyon ki gen rapò avèk VIH/SIDA

8. REZON KI FÈ W AP MANDE BAY ENFÒMASYON YO: Y AP BAY ENFÒMASYON SA A SOU DEMAND PASYAN AN OSWA REPREZANTAN LI AMWENKE YO DI YON LÒT BAGAY LA A:	9. OTORIZASYON SA A AP EKSPIRE NAN DAT PASYAN SA A PA NAN YON LEKÒL OSWA YON PWOGRAM DOE AP DIRIJE OSWA YON PWOGRAM BIWO SANTE NAN LEKÒL AP OFRI, SOFSI YO PRESIZE YON LÒT BAGAY LA A**:
10. Si se pa pasyan an, di ki moun ki siyen fòm lan :	11. MOUN KI SIYEN FÒM SA A GEN OTORIZASYON DAPRE LALWA POU L SIYEN NAN NON PASYAN AN KÒ PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL PASYAN AN OSWA JAN YO ESPESIFYE LI LA A:

Yo te ranpli tout kesyon ki nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen genyen sou fòm sa a, epi yo te remèt mwen yon kopi.

SIYATI PASYAN OSWA REPREZANTAN LALWA OTORIZE.

DAT

* **Viris iminodefisyans imen (Human Immunodeficiency Virus) ki lakoz SIDA.** Lwa sou sante piblik Eta Nouyòk pwoteje enfòmasyon ki ka idantifye yon moun ki gen sentòm oswa jèm SIDA ak enfòmasyon konsènan moun pou yo kontakte.

**Si yo presize yon dat ekspirasyon nan seksyon 9 ki pi wo a, fòm lan ap ekSPIRE nan dat sa a epi paran oswa responsab pasyan an, oswa lòt moun lalwa otorize dwe voye yon nouvo fòm.